

52 Chambers Street  
New York, NY 10007

4 novanm 2022

Chè fanmi elèv nan Origins High School :

Mwen ekri w pou di w Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (New York City Department of Education, NYCDOE) ap pwopoze pou ouvri ak mete nan menm bilding yon nouvo Success Academy Charter School (84KTBD), ke yo konnen sou non New SA Elementary, nan bilding K495 apati ane lekòl 2023-2024. Si Komite pou regleman nan edikasyon (Panel for Educational Policy, PEP) apwouve pwopizisyon sa a, New SA Elementary pral ouvri nan K495 nan ane lekòl 2023-2024 la, pou sèvi elèv kindergarten ak elèv 1ye ane epi li pral ajoute yon nivo klas chak ane jiskaske li vin gen tout kapasite l ni nan nivo klas ni nan efektif elèv pou sèvi elèv ki nan kindergarten rive 4yèm ane nan ane lekòl 2026-2027 la ak apre.

Success Academy Charter Schools, ke yo konnen sou non Success Academy, se yon òganizasyon jesyon sou kontra k ap fonksyone kounye avèk lekòl primè, presegondè ak segondè nan Vil Nouyòk.

Kòm ou konnen, kounye a Origins High School (22K611), ke yo konnen sou non Origins, nan menm bilding avèk Professional Pathways High School (22K630), ke yo konnen sou non Professional Pathways, ak New Visions Charter High School for Advanced Math and Science III (84K738), ke yo konnen sou non New Visions AMS. Adrès K495 se 3000 Avenue X, Brooklyn, NY 11235 nan distri lekòl kominote 22, ke yo konnen sou non distri 22. . K495 gen ladan tou yon òganizasyon kominotè (Community Based Organization) ki se CAMBA. Avan ane lekòl 2022-2023 a, K495 te gen ladan tou New Visions Charter High School for the Humanities III (84K739), yon lekòl segondè charter ki t ap sèvi elèv ki nan klas 9yèm-12yèm ane epi ki te fèmen nan fen ane lekòl 2021-2022 a.

Mete de oswa plizyè lekòl menm kote vle di gen de oswa plizyè òganizasyon lekòl nan menm bilding epi yo ka pataje menm espas komen nan bilding lan tankou oditoryòm, jimnazyòm, bibliyotèk ak kafeterya.

### **Kisa NYCDOE propoze a?**

NYCDOE pwopoze pou ouvri ak New SA Elementary anvan ak yon lòt lekòl nan K495 nan ane lekòl 2023-2024 la. Si yo apwouve pwopozisyon sa a, New SA Elementary ouvri nan K495 nan ane lekòl 2023-2024 la, pou sèvi apeprè 205-225 elèv kindergarten ak 1ye ane, epi l ap ajoute yon nivo klas chak ane jiskaske li vin gen tout klas ni nan nivo klas ni nan efektif elèv, pou sèvi apeprè 490-540 elèv nan kindergarten rive 4yèm ane nan ane lekòl 2026-2027.

Si yo apwouve l, pwopozisyon pou ouvri New SA Elementary nan K495 la pral ede rezoud demand pou plas ki pa satisfè nan Success Academy elementary school nan South Brooklyn epi l ap ofri yon nouvo opsyon primè pou fanmi ki nan distri 22.. Kounye a gen de lekòl Success Academy nan South Brooklyn k ap sèvi klas primè: Success Academy Charter School—Bensonhurst ak Success Academy Charter School—Bergen Beach, toule fin ranpli plas ki disponib yo. Success Academy te gen plis pase aplikasyon kindergarten pou de lekòl sa yo ak sèlman 250 plas disponib.

### **Si PEP la apwouve pwopozisyon sa a, kisa sa sa ap vle di pou pitit mwen an(yo)?**

- Origins ap kontinye sèvi elèv ki nan klas 9yèm-12yèm ane nan K495. NYCDOE pa prevwa pwopozisyon sa a pral gen efè sou efektyif, admisyon oswa pwogram elèv ki la kounye a oswa alavni.
- Origins pral kontinye rete nan menm bilding ak Origins ak Professional Pathways ak New Visions AMS epi li pral avèk tou New SA Elementary apati ane lekòl 2023-2024 la. Origins pral kontinye pataje kèk espas komen tankou oditoryòm jimnazyòm ak kafeterya avèk lekòl ki la avèk li yo nan K495.

### **Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou pwopozisyon sa a?**

Lèt sa a sèvi kòm avi pou fè konnen yo afiche Deklarasyon Enpak sou Edikasyon an (*Educational Impact Statement*, EIS) ak Plan Itilizasyon Bilding lan (*Building Utilization Plan*, BUP) pou pwopozisyon sa a nan sitwèb NYCDOE a nan: <https://www.schools.nyc.gov/about-us/leadership/panel-for-education-policy/2022-2023-pages/december-21-2022-school-utilization-proposals>.

Nou ankouraje w pou ale sou sitwèb sa a souvan pandan n ap fè chanjman ladan l pou mete dat enpòtan ak nouvo enfòmasyon lè yo vin disponib. Kopi EIS ak BUP pou pwopozisyon sa a disponib tou nan direksyon Origins, Professional Pathways, ak New Visions AMS.

### **Kijan mwen ka bay opinyon mwen?**

Avan vòt PEP a, y ap fè yon odyans Piblik ankolaborasyon sou pwopozisyon sa a atravè telekonferans jou 7 desanm 2022 a 6 p.m. Tout manm kominote a ap gen opòtinite pou yo pataje opinyon yo sou pwopozisyon sa a nan odisyon piblik la.

Ou ka voye opinyon w sou pwopozisyon sa a tou nan nenpòt moman bay Perry Stein nan Biwo planifikasyon Distri NYCDOE pa telefòn nan 212-374-0208 oswa pa imèl [D22Proposals@schools.nyc.gov](mailto:D22Proposals@schools.nyc.gov).

PEP la dwe vote pwopozisyon sa a ak apwouve li avan pou yo mete l ann aplikasyon. Nou prevwa pou PEP la vote sou pwopozisyon sa a mèkredi 21 desanm 2022 a 6:00 p.m. nan Prospect Heights Educational Campus, 883 Classon Avenue, Brooklyn, NY 11225. Yo ka pataje kòmantè sou pwopozisyon sa a nan reyinyon PEP la k ap fèt 21 desanm 2022.

W ap jwenn nan lèt sa a avi ofisyèl pou Pwopozisyon an ak pou odyans Piblik la pou pwopozisyon sa a.

Avèk senserite,



Michael Prayor  
Sipèentandan lekòl segondè distri South Brooklyn